

#### **SS.7.C.3.4**

*Identifie relasyon ak divizyon nan pouvwa yo ant gouvènman federal la ak eta yo.*

---

#### **SS.7.C.3.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1:** Elèv yo ap defini sistèm federalis la.

**Federalis** la se yon sistèm gouvènman kote pouvwa a pataje ant gouvènman santral la (nasyonal) ak eta yo. Nan Atik Konfederasyon yo, yon **sistèm** gouvènman **konfederal** te egziste - ki vle di ke te gen yon gouvènman santral ki fèb. Atik Konfederasyon yo te lakòz anpil pwoblèm pou nouvo nasyon an paske gouvènman santral la te gen yon ti kras pouvwa, se konsa yo te ekri yon nouvo konstitisyon.

Konstitisyon Etazini an baze sou lide federalis - nan lòt mo, lide ki fè konnen ke pouvwa a pataje ant gouvènman nasyonal la, eta a, ak lokal yo. Federalis te ede yo ranje anpil nan pwoblèm ke Atik Konfederasyon an te koze lè yo te kreye yon balans ant pouvwa santral (nasyonal) la ak eta a.

Daprè Konstitisyon an, yo mete pouvwa yo sou kote espesyalman pou gouvènman nasyonal la (**enimere** pouvwa, yo konnen yo tou kòm pouvwa **delege**), pou gouvènman eta yo sèlman (pouvwa ki **rezève**), oswa pou tou de (pouvwa ki **konkouran**).

**federalis** - yon sistèm gouvènman kote ke pouvwa a divize ak pataje ant gouvènman nasyonal la, eta yo, ak lokal yo

**pouvwa enimere oswa delegé** - Pouwva yo ki espesyalman yo te rele ak asiyen nan gouvènman federal la oswa entèdi pou eta yo egzèse yo anba Konstitisyon Etazini an, yo konnen yo tou kòm pouvwa delegé

**pouvwa konkouran** - pouvwa ki pataje ak gouvènman nasyonal la, eta a, ak/oswa gouvènman lokal la

**pouvwa rezève** - pouvwa ke yo pa akòde a gouvènman federal la, ki apatni a (yo rezève a) eta yo ak pèp la; gade Dizyèm Amannman an

**sistèm konfederal la** - yon sistèm gouvènman kote pouvwa sitiye avèk eta endepandan yo epi gen ti kras pouvwa nan gouvènman santral la